



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE \$3 MILYON NAN FINANSMAN FEDERAL
DISPONIB POU NOUYÒKÈ YO KAPAB RESEVWA ASISTANS RAFRECHISMAN**

***Moun Ki Gen Pwoblèm Sante Ki An Rapò ak Chalè yo Kapab Kalifye pou Resevwa
Aparèy Lè Klimatize***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke gen \$3 milyon ki disponib pou moun ki gen pwoblèm sante grav yo pou kapab resevwa asistans pou kapab achte aparèy lè klimatize yo. Finansman federal ki te garanti pa eta a pral ede Nouyòkè yo ki gen pwoblèm sante yo ki kapab agrave akòz chalè ekstrèm yo nan bay aistans rafrechisman atravè Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP). Moun ki kalifye pou asistans lan kapab aplike nan depatman sèvis sosyal zòn yo an kòmanse apati 1 Me.

“Chalè sezon ete a ka vin tounen yon pwoblèm lavi ak lanmò pou kèk nan Nouyòkè nou yo ki pi vilnerab yo, epi finansman sa pral ede asire ke yo pral rete an sekirite epi fre pandan gwo nivo chalè sezon sa”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan asire ke gason, fanm ak timoun tout laj yo pwoteje kont danje kondisyon metewo chalè ak imid yo, finansman enpòtan sa pral sipòte yon New York ki pi djanm, epi pi an sante pou tout moun.”

Biwo pou Asitans Tanporè ak Andikape nan Eta New York lan (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) ki ap sipèviz pwogram lan, te mete a kote \$3 milyon nan finansman federal pou fè enstalasyon epi bay aparèy lè klimatize yo a fwaye ki kalifye yo. Sezon ete pase a, prèske 5,000 fwaye te resevwa asistans.

Pou kapab kalifye, aplikan yo dwe reponn a kondisyon [manyèl gid revni HEAP](#) aktyèl yo, ki kapab varye selon gwosè fwaye a, epi yo dwe posede omwen yon manm nan fwaye a ki souffri de yon kondisyon medikal ki dokimante ki te vin pi mal akòz chalè ekstrèm. Fwaye yo ki posede deja yon aparèy lè klimatize ki ap fonksyone ki date de mwens pase senk ane, ansanm ak fwaye yo ki te resevwa yon aparèy lè klimatize ki te finanse pa HEAP nan 10 ane ki sot pase yo, yo pa kalifye.

Yo pral bay asistans rafrechisman sou baz premye vini premye sèvi. [Depatman sèvis sosyal lokal yo](#) pral aksepte aplikasyon jiska 31 Dawout, oswa jiskaske finansman fini.

Samuel D. Roberts, ki se Komisè Biwo pou Asitans Tanporè ak Andikape, te deklare, “Pwogram sa vize sila yo ki pi an danje nan ijans chalè yo, men ki pa gen yon

aparèy lè klimatize oswa mwayen pou kapab achte yonn. Li enpòtan pou nenpòt moun ki ka kalifye aplike anvan chalè sezon ete a rive.”

Louise Slaughter, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Mwen te toujou batay pou finansman federal pou pwogram enpòtan sa pou ke moun ki atravè rejyon nou an kapab prepare pou kondisyon metewo estival ki cho epi danjere anpil. Pwopozisyon Administrasyon Trump lan pou elimine pwogram sa li alafwa manke vizyon epi li danjere pou anpil moun ki nan kominote nou an. Sipò pou kapab ede sila yo ki gen kondisyon medikal yo pandan ke sezon ete a ap apwoche se prèv travay enpòtan ke pwogram sa ap fè sou plan lokal. Se yon rapèl tou de rezon ki fè mwen pral kontinye batay pou finanse pwogram sa nan ane ki gen pou vini yo.”

Eliot Engel, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Pandan ke n’ap rantre nan mwa sezon ete ki pi cho yo, kondisyon chalè ekstrèm yo kapab vin tounen yon pwoblèm reyèl pou granmoun ajè ak lòt Nouyòkè ki vilnerab yo. Pwogram HEAP lan te fè yon travay eksepsyonèl nan ede Nouyòkè yo konbat chalè a, epi angajman \$3 milyon sa ta dwe sèvi sèlman pou ranfòse pwogram lan. Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye yo pou chèche aplike pou asistans enpòtan sa.”

José E. Serrano, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Nenpòt moun ki te pase yon sezon ete nan Vil New York konnen kijan gwo tanperati yo kapab agrave pwoblèm sante yo. Pandan epòk sa nan ane a, moun yo tou vin pi vilnerab pou soufri pwoblèm sante ki an rapò ak chalè yo. Finansman federal sa pral ede moun ki gen revni fèb yo ki pa kapab peye pou aparèy lè klimatize yo pou kapab achte epi enstale inite rafrechisman yo nan kay yo pou kapab anpeche ke chalè pwovoque konplikasyon sante yo oswa menm lanmò. Mwen aplodi jefò Gouvènè Cuomo yo pou itilize finansman sa pou ede Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo, ki enkli anpil nan moun ki te vote mwen yo ki nan Bronx.”

Joe Crowley, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Nou tout konnen kokennchenn chalè ke mwa sezon ete yo kapab pote, epi ak sezon an ki prèske rive, nou bezwen panse a sila yo ki pi vilnerab pami nou yo epi asire nou ke yo prepare. Lajan federal yo ki ap bay asistans rafrechisman sa pral ale lwen pou pwoteje Nouyòkè sa yo ki gen kèk kondisyon medikal ki vin anpire akòz chalè ekstrèm lan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape nan Eta New York lan poutèt yo fè finansman sa yo vin disponib.”

Paul Tonko, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Kondisyon metewo nou yo ap kontinye chanje pi frekaman soti nan yon ekstrèm ale nan yon lòt. Anons jodi a ki te fèt pa Gouvènè Cuomo rekonèt ke moun ki pi vilnerab pami nou yo santi enpak sa yo nan pi gwo nivo. Nan bay finansman sa soti Washington pou rive New York sa ap ede asire ke vwazen nou yo ki nan nesosite yo pwoteje kont chalè ekstrèm. Mwen fyè pou mwen ede mennen batay la ane apre ane pou HEAP ak lòt finansman sekirite enèji yo.”

Sean Patrick Maloney, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Jan ke laplipa Nouyòkè yo konnen byen, chalè ekstrèm pandan sezon ete a kapab non sèlman enkonfòtab, men tou li kapab danjere pou moun ki gen pwoblèm sante grav yo – espesyalman pou sila yo ki pa gen lè klimatize. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li fè asistans rafrechisman disponib pou Nouyòkè yo – envestisman sa enpòtan anpil pou sante ak sekirite vwazen nou yo pandan pwochen mwa ki ekstrèmman cho yo.”

Elise Stefanik, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Li enpòtan anpil pou nou bay resous pou moun ki pi vilnerab pami nou yo, ki se rezon ki fè ke mwen se yon gwo sipòtè Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay Revni Fèb yo nan Kongrè a. Finansman sa se yon opòtinite enpòtan pou sila yo ki gen pwoblèm sante ki anpire akòz ekspozisyon a chalè kapab gen aksè a sistèm rafrechisman yo anvan mwa estival yo, epi mwen ankouraje sila yo ki nan bezwen nan distrik mwen an pou yo aplike.”

Adriano Espaillat, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Granmoun aje yo patikilyèman siseptib a pwoblèm sante ki an rapò ak chalè yo tankou aksidan vaskilè serebral, fatig akòz chalè, epi menm lanmò. Pandan ke sezon ete a ap apwoche rapidman epi tanperati a ap ogmante, anons jodi a rive nan yon moman konsiderab pou granmoun aje New York yo, patikilyèman sila yo ki ap viv ak kondisyon medikal ki kapab vin pi mal ak chalè ekstrèm yo. Asistans rafrechisman an ki te vin posib atravè pwogram HEAP lan pral gen yon gwo enpak sou ganmoun aje yo ki nan fwaye ki kalifye yo ki nan New York.”

Claudia Tenney, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Pou yon kantite fanmi ak granmoun aje ki nan 22yèm Distrik la, HEAP se yon pwogram vital ke plizyè moun te vin konte sou li pou ede ak montan depans enèji yo. Jodi a, mwen kontan pou mwen wè pwogram lan elaji pou bay sèvis lè klimatize pou Nouyòk yo ki ap fè fas a pwoblèm sante ki an rapò ak chalè.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418